



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/22/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AP ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU YO ENSKRI POU
SENKYÈM EDISYON ANYÈL I LOVE MY PARK DAY**

Selebre jounen latè lè nou pran yon angajman pou fè volontè nan teren piblik New York yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo Jodia, te envite Nouyòkè yo pou yo sèvi kòm volontè nan pak eta a oswa nan espas istorik eta a yo pi renmen nan kad senkyèm evènman anyèl “I Love My Park Day” ki pral fèt nan dat 7 Me 2016 ak sit istorik yo nan eta sa.

“Jounen Latè se yon gwo moman pou n fè yon angajman nan park ak sit istorik nou yo toupatou nan eta,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “I Love My Park Day se yon opòtinite pou nou re-vesti epi asire ke lòt moun ka kontinye jwi kèk nan pi gwo espas lib nan eta nou an. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou enskri kounye a epi fè volontè nan yon park oswa teren piblik nan zòn yo a.”

[Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York](#) ak [Parks & Trails New York](#) mete ansanm pou patwone ‘I Love My Park Day’ ki se yon aktivite nan tout eta a pou amelyore epi valorize pak ak sit istorik New York ak tou pote vizibilite nan tout rezo pak la ak nan bezwen li yo. Ane sa 110 pak a sit istorik pral patisipe, apati Jones Beach State Park pou rive nan Niagara Falls State Park.

Aktivite ane sa gen ladan nouvo patenarya avèk Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York ak Sèvis Nasyonal Park, avèk volontè aktivite nan kat lokasyon nan rejyon Adirondack ak Catskill nan eta ak nan senk park nasyonal nan Eta New York.

“Volontarya enpòtan pou kenbe park eta yo atiran ak agreyab pou 65 milyon moun ki vizite sistèm park nou an chak ane – e jounen I Love My Park se yon bon moman pou fè volontè nan yon lokal prefere,” **te deklare Komisyonè Rose Harvey.** “Map rete tann pou m akeyi yon fwa ankò plizyè milye volontè nan premye samdi mwa Me, tout moun ap travay ansanm pou amelyore park ke nou ancheri yo.”

“Eta New York se yon lidè nan park ak konsèvasyon akòz de yon istwa long jerans ak jenerozite sitwayen prive yo,” **te deklare Direktè Egzekitif Park ak Santye New York Robin Dropkin.** “Nou pa t ka panse de yon pi bon fason pou kontinye selebrasyon Jounen Latè epi jwe wòl pa nou nan ede park yo ke nou renmen nan jou I Love My Park.”

Volontè yo ap selebre sistèm pak New York la lè yo netwaye debri yo, lè yo plante pyebwa ak jaden, lè yo repara santye ak abita lanati, lè yo retire espès k ap anvayi yo, epitou lè yo travay sou plizyè pwojè amelyorasyon espas la. [Komisyon Eta New York sou Sèvis Nasyonal ak Kominotè](#) a ap rantre nan travay la ankò ane sa a pou ede rekrite volontè, ankouraje inisyativ la epi sipòte pwojè yo toupatou nan eta a. Ane sa tou manm Kò Konsèvasyon Eksèlsyò Eta New York (ECC) ap patisipe. ECC Eta New York se yon pwogram AmeriCorps Eta New York ke Asosyasyon Konsèvasyon Etidyan jere, li te kreye dapre vizyon Gouvènè Cuomo pou adrese bezwen anviwonmantal ak jesyon Eta New York pandan lap enspire pwochen jenerasyon lidè konsèvasyon yo grasa pwogram edikasyon anviwonmantal. Manm ECC yo ap ede State parks yo òganize ak enplemannte pwojè yo nan Jounen I Love My Park.

Pou anrejistre pou Jounen I Love My Park, tanpri klike [la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418